

Pou Piblikasyon Imedya: 13 jiyè 2009  
Kontak: Rhonda Victor Sibilia  
305-350-0631 oubyen rhonda@miamidade.gov

### **Moun kap mennen kanpay yo genyen de opònite pou yo aprann lwa yo**

Pou devanse vòt minisipal yo kap fèt an otòn la nan kèk nan gwo vil ki chita nan Miami-Dade (enkli Miami, Miami Beach, Homestead ak Hialeah) ak plizyè lòt konkou lokal ak eta-a kap fèt an 2010, kandida yo ak manm estaf yo kapab repase reglèmantasyon ki kontwole eleksyon ak leved fon yo nan Seminè sou Aptitud nan Kanpay esponsorize pa Komite Etik ak Konfyans Piblik Miami-Dade. Pou fasilite nou, yo planifye de menm pwogram – youn nan Hialeah jou 26 dawout la epi youn nan Homestead jou 16 septanm.

Seminè yo va prezante de enfòmasyon esansyèl a kandida ki déjà deklare yo, endividi yo kap konsidere ale kòm kandida nan eleksyon oswa nenpòt moun ki ta renmen konprann obligasyon legal ak etik yo pou rive jwenn yon pòs fonksyonè leta. Pami prezantatè yo ap genyen enkli de reprezantan de Komite Etik Miami-Dade, Lig Vil Miami-Dade, Biwo Avoka Eta-a ak de Depatman Eleksyon an. Pwogram sa yo gratis epi ouvè a piblik la.

**Campaign Skills Seminar –  
Hialeah  
Mèkredi 26 dawout 2009 6:30 p.m.  
Victor Wilde Community Center  
1701 West 53 Terrace**

**Campaign Skills Seminar  
Homestead  
Mèkredi 16 septanm 2009 6:30 p.m.  
City Hall Council Chambers  
790 N. Homestead Blvd.  
(US 1 ak SW 312 St.)**

Pou plis enfòmasyon oswa pou rezève yon plas, rele Robert Thompson nan 305-350-0630 oubyen imel robthom@miamidade.gov

Komite Etik la te kreye an 1996 kòm yon ajans endepandan ak pouvwa konsiltatif epi kazi-jidisyè. Li konpose de senk manm, ki sèvi de tèm an dekalaj de katran chak. Se atravè de pwogram edikatif ak konsyantizasyon ke Komite an chèche bay kominote an plen dwa li ak pwomouvwa konfyans piblik.

###

